# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 19-майдағы “Өзбекстан Республикасында шет тиллерин үйрениўди кең ен жайдырыўды сыпат жағынан жаңа басқышқа алып шығыў ис-илажлары ҳаққында”ғы ПҚ-5117-санлы қарарының орынланыўын тәмийинлеў ҳаққында**

“Жасларды қоллап-қуўатлаў ҳәмде халықтың ден-саўлығын беккемлеў жылы” Мәмлекетлик дәстүрине муўапық, шет тиллерин үйрениўди билимлендириўдиң ең әҳмийетли бағдары сыпатында раўажландырыў, бул бағдарда билимлендириўдиң сыпатын түптен жақсылаў, тараўға тәжирийбели педагогларды қамтып алыў, халықтың шет тиллерин үйрениўге болған қызығыўшылығын арттырыў ҳәмде Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 19-майдағы “Өзбекстан Республикасында шет тиллерин үйрениўди кең ен жайдырыўды сыпат жағынан жаңа басқышқа алып шығыў ис-илажлары ҳаққында”ғы ПҚ-5117-санлы ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 21-майдағы 167-санлы қарарларының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 19-майдағы “Өзбекстан Республикасында шет тиллерин үйрениўди кең ен жайдырыўды сыпат жағынан жаңа басқышқа алып шығыў ис-илажлары ҳаққында”ғы ПҚ-5117-санлы ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 21-майдағы 167-санлы қарарлары орынлаў ушын басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Өзбекстан Республикасы Президентиниң усы қарары менен:

а) Министрлер Кабинети жанында Шет тиллерин үйрениўди ен жайдырыў агентлиги (кейинги орынларда - Агентлик) ҳәмде Агентликтиң Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласындағы аймақлық ўәкиллери лаўазымлары шөлкемлестирилгенлиги;

Төмендегилер:

Халықтың арасында шет тиллерин үйрениўди жетилистриў ҳәмде оларды тереӊ өзлестириў ушын зәрүр шәраятлар жаратыў, шет тиллерин оқытыўдың халықаралық дәстүр ҳәм сабақлықларын билимлендириўдиң барлық басқышларына енгизиўди муўапықластырыў ҳәмде муғаллимлерде заманагөй оқытыў көнликпелерин раўажландырыў;

аймақларда, тармақларда ҳәм билимлендириў мәкемелеринде шет тиллерин өзлестирген қәнигелерге болған зәрүрликти талқылаў нәтийжелери тийкарында талап жоқары болған шет тиллерин оқытыўды шөлкемлестириў;

шет тиллерин оқытыўда “бақша-мектеп-жоқары оқыў орны-кәрхана” сыпатында үзликсиз билимлендириўди енгизиў мақсетинде халықтың барлық

қатламларына мас болған тилди үйрениў бойынша методикалық қолланбаларды ислеп шығыўды муўапықластырыў;

шет тиллерин пуқта өзлестириў, тилдиң тийкарғы көнликпелерин қәлиплестириў ушын видеоролик, ойын, көрсетиўлер, фильмлер ҳәм басқа да үйретиўши контент жаратылыўын шөлкемлестириў;

мәмлекетлик тилден шет тилине ҳәмде шет тиллерден мәмлекетлик тилге профессионал аўдарма ислеў методларын жаратыў ҳәмде усы бағдарда қәнигелердиң қәнигелигин арттырыўға көмеклесиў;

аймақлар, тармақлар, мәмлекетлик органлар ҳәм билимлендириў мәкемелери кесиминде шет тиллерин билиў рейтингин жүритиў, шет тиллерин үйрениўди және де ен жайдырыў бойынша усыныслар ислеп шығыў Агентликтиң тийкарғы ўазыйпасы етип белгиленгенлиги;

б) Министрлер Кабинети жанындағы Шет тиллерин үйрениўди ен жайдырыў шөлкемлестириў дүзилмеси, оның орайлық аппараты дүзилмеси ҳәмде Агентликтиң Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар Ташкент қаласындағы аймақмақлық ўәкиллиги үлгидеги дүзилмеси 1-3-қосымшаларға муўапық тастыйықланғанлығы;

Агентлик басқарыў хызметкерлериниң шекленген саны 73, соның ишинде орайлық аппаратта 31 ҳәмде Агентликтиң аймақлық ўәкилликлеринде 42 хызметкерден ибарат шөлкемлестирилгенлиги;

Агентлик ҳәм оның ўәкиллери Өзбекстан мәмлекетлик жәҳән тиллери университети жанындағы Шет тиллерин оқытыўдың инновациялық методикаларын раўажландырыў республика илимий-әмелий орайының 34 штат бирлиги, Халық билимлендириў министрлиги, Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги дүзилмесиниң 39 штат бирлиги есабынан шөлкемлестирилиўи;

Агентлик директоры ҳәм оның орынбасарлары Министрлер Кабинети қарары менен лаўазымға тайынланыўы ҳәмде лаўазымынан азат етилиўи;

Агентлик хызметкерлери мийнетине ҳақы төлеў, хошаметлеў ҳәм социаллық қорғаў бойынша Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги орайлық аппараты хызметкерлерине теңлестирилиўи белгиленгенлиги;

в) Шет тиллерине оқытыўдың сыпатын асырыў мақсетинде:

2021/2022-оқыў жылынан баслап районлар (қалалар)да улыўма орта билим бериў мектеплери тийкарында шет тиллерине қәнигелестирилген 207 мектеплердиң шөлкемлестирилиўи;

2021-жыл 1-сентябрьден баслап шет тиллерин оқытыў бойынша ең жақсы нәтийжелерге ерискен мектеплерди хошаметлеў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Президенти Президенти саўғасы енгизилиўи;

Бунда, саўға ушын таңлаўлар улыўма орта билим бериў мектеплери арасында төмендеги басқышларда өткерилиўи:

биринши басқыш – район ҳәм қалаларда өткерилип, жеңимпазлар 100 млн

екинши басқыш – Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласында өткерилип, жеңимпазлар 250 млн. сумға шекем;

үшинши басқыш – республика көлеминде өткерилип, жеңимпазлар 500 млн сумға шекем пул қаржылары менен сыйлықланыўы;

д) Шет тиллерин үйрениўди кең ен жайдырыўды нәтийжели шөлкемлестириў мақсетинде:

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери – 2021-жыл 1-июльға шекем Агентлик пенен биргеликте усы жылдың екинши ярымы ушын мөлшерленген аймақларда шет тиллерин үйрениўди ен жайдырыў бойынша “Жол карталары”н ислеп шығыў ҳәм тастыйықлаў;

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси, халық депутатлары Кеңеслерине – ҳәр шеректе Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлериниң шет тиллерин үйрениўди кең ен жайдырыў бойынша тийисли аймақларда әмелге асырылып атырған жумыслар бойынша есабатларын еситип барыў тапсырылғанлығы;

е) Қала ҳәм район ҳәкимликлери аўыллық жерлерде шет тиллерин үйретиў хызметин жолға қойыў ушын исбилерменлик субъектлерине 50 млн. сумға шекем жергиликли бюджет қаржылары есабынан бир мәртелик субсидия ажыратыў әмелиятын жолға қойыў тапсырылғанлығы;

Бунда:

ҳәр бир район ҳәм қалада 5 шет тиллерин оқытыў бойынша оқыў орайларын шөлкемлестириў бойынша таңлаў өткериў тапсырылғанлығы;

ҳәр бир район, қалада таңлаў өткериў ҳәм keминде 2 инглис тили ҳәм 1 басқа шет тили пәни муғаллимлерин сырт еллерде тәжирийбесин арттырыўға жибериў шараларын көриў тапсырылғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Республикалық билимлендириў орайы (Қ.Жубанов)на:

Билимлендириў сыпатын кадағалаў мәмлекетлик инспекциясы Қарақалпақстан Республикасы бөлими, Нөкис қаласы ҳәм районлық ҳәкимликлер, мәмлекетлик емес билимлендириў шөлкемлери менен биргеликте шет тили олимпиадаларын шөлкемлестириў бойынша Нызам жойбарын ислеп шығыў ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине усыныс киритиў ўазыйпасы тапсырылсын.

4. Усы буйрықтың орынланыўын кадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаўлиевқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл «09» июнь
№ 142